

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku opat sub-bab, nyaéta desain panalungtikan, partisipan jeung tempat panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Panalungtikan minangka sistem élmu pangaweruh, miboga peran penting dina pangwangunan élmu pangaweruh éta sorangan. Hartina, panalungtikan miboga kalungguhan anu kacida pentingna pikeun kamekaran élmu pangaweruh jeung nangtayungan sangkan henteu tilem ku jaman. Panalungtikan miboga kamampuh pikeun nga-*upgrade* élmu pangaweruh sangkan informasi ngeunaan élmu pangaweruh jadi leuwih *up-to-date*, *canggih*, *aplicated*, sarta bisa dipaké iaraha waé (*aksiologis*) ku masarakat (Bungin, 2010, kc. 6)

Saméméh medar ngeunaan desain panalungtikan baris medar heula ngeunaan métode panalungtikan kualitattif, lantaran dina ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Métode panalungtikan kualitatif ilahar disebut métode panalungtikan naturalistik lantaran panalungtikanana museur kana kaayaan anu sipatna alamiah (*natural setting*); lian ti éta sok disebut ogé minangka métode étnografi, ieu hal lantaran métode kualitatif leuwih remen dipaké pikeun nalungtik ngeunaan widang antropologi budaya. Métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik hiji kondisi alamiah, dimana nu nalungtik jadi konci tina instrument panalungtikanana, téhnik ngumpulekun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana *makna* tibatan *generalisasi* (Sugiyono, 2011, kc. 8-9).

Panalungtik anu ngagunakeun métode panalungtikan kualitatif diperedih kudu bisa neuleuman objék nu ditalungtik, émpati, abstaksi jeung interpretasi

ngaliwatan *verstehen*, kalawan implikasi métodologi: (1) museurkeun observasi kana prakték sosial tina fenoména anu kapanggih, (2) ngaguar leuwih jero sababaraha aspék jeung informasi ngeunaan palaku sarta maluruh diménsi *struktural-kultural* anu kapanggih, jeung (3) bisa ngamangpaatkeun triangulasi data (Waters dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 187).


Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode deskriptif. Moleong (2012, kc. 3) nétélakeun yén istilah “deskriptif” asalna tina basa Inggris *to describe* anu hartina ngadadarkeun atawa ngagambarkeun hiji hal, saperti *keadaan, kondisi, situasi, peristiwa, kegiatan*, jeung sajabana. Jadi, anu dimaksud panalungtikan déskriptif téh nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maluruh hiji kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjénna, anu hasilna dipedar dina wangun laporan panalungtikan. Métode déskriptif dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun Tradisi *Motong Munggel*.

Tradisi *motong munggel* dijadikeun objék panalungtikan lantaran ieu tradisi miboga ajén anu luhung. Dina raraga maluruh ajén-inajén, tanda, jeung hal séjén nu nyangkaruk dina éta tradisi, panalungtik ngagunakeun métode deskriptif. Ieu panalungtikan museurkeun paniten kana déskripsi tradisi *motong munggel*; struktur, sémiotik jeung ajén-inajén dina tradisi *motong munggel*; saha waé nu diubaran, naon panyakitna, jeung saha anu mingpin tradisi *motong munggel*; pakakas jeung properti nu dipaké dina tradisi *motong munggel*; jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel di kelas XII SMA.

Sangkan panalungtik miboga acuan pikeun nagalaksanakeun hiji panalungtikan, ku kituna perlu ngajieun hiji rarancang atawa desain panalungtikan. Nurutkeun Sukardi (2013, kc. 68) desain atawa rarancang panalungtikan nyaéta wincikan ngeunaan prosés panalungtikan nu bakal dilaksanakeun ku panalungtik pikeun ngaréngsékeun hiji pasualan. Desain panalungtikan ilaharna mangrupa komponén-komponén panalungtikan nu sacara *komprehensif* ngagambarkeun runtuyan prak-prakan nu kudu dilaksanakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

Desain panalungtikan nu dilaksanakeun ngawengku prosés-prosés saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Partisipan jeung Tempat Panalungtikan

Partisipan jeung tempat panalungtikan mangrupa dua unsur anu silih pangaruhan jeung moal bisa dipisahkeun antara hiji jeung nu séjénna.

3.2.1 Partisipan

Istilah partisipan dina panalungtikan ilahar disebut sumber data. Arikunto (2013, kc. 172) nétélakeun yén sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu hal nyaéta; Jalma (*person*), nyaéta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét; tempat (*place*), nyaéta sumber data anu méré gambaran kaayaan cicing atawa usik; jeung kertas atawa dokumén (*paper*), nyaéta sumber data anu ngagambarkeun tanda-tanda mangrupa hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna. Lian ti éta Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2014, kc. 157) nétélakeun yén sumber utama dina kualitatif nyaéta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén, jrrd. Kecap-kecap jeung paripolah jalma-jalma nu ditalungtik téh mangrupa sumber data utama. Dina nyangking sumber data utama bisa ngaliwatan observasi, wawancara, ngarékam, ngadokuméntasikeun, jeung sajabana. Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti nu ditataan ieu di handap.

- 1) Data ti warga nu sok nyesepuhan tradisi *motong munggel*.
- 2) Data ti pihak Désa Jayamukti pikeun nyangking data ngeunaan kaayaan umum di Désa Jayamukti. Ieu data mangrupa wangun tinulis nu ngawujud dina arsip profil désa.
- 3) Data ti sababaraha jalma di Kampung Sindangjaya, Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya nu apal sarta kungsi ngalaksanakeun tradisi *motong munggel*.
- 4) Data ti perawat pikeun nambahan informasi ngeunaan panyakit katurunan, jenis-jenisna katut obat-obatanana.

Tabél 3.1





Data Partisipan Tradisi *Motong Munggel* Di Kampung Sindangjaya

No.	Wasta	Umur	Atikan	Pacabakan	Padumukan	Poto
1.	Ikoh	56	SD	Tani	Sindangjaya	

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGGAH KABUPATÉN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2.	Patimah	50	SD	IRT	Sindangjaya	
3.	Uhen	50	SMA	Kepala Désa Jayamukti	Leuwihalang	
4.	Eem	33	SD	Buruh	Sindangjaya	
5.	Nur Aziz	25	PT	Perawat	Sodonghilir	

3.2.2 Tempat Panalungtikan

Gambar 3.1

Peta Lokasi Panalungtikan



Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi *motong munggel* nyaéta aya di Kampung Sindangjaya Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya Provinsi Jawa Barat.

Désa jayamukti mangrupa daérah pamekaran ti Désa Tonjong dina taun 1985 salaku kapala désana Bapa U Burhan mangsa kapamingpinan nepi ka taun 1986. Kapala pamaréntahan nu ka-dua nyaéta Bapa Komi mangsa kapamingpinan nepi ka taun 1989. Kapala pamaréntahan ka-tilu nyaéta Bapa Jaka Sumita mangsa kapamingpinan nepi ka taun 1990. Kapala pamaréntahan ka-opat nyaéta Bapa Ahmad Muhlis mangsa kapamingpinan nepi ka taun 1998. Kapala Pamaréntahan ka-lima nyaéta Bapa Achmad Arifin (kapala pamaréntahan *sementara*) mangsa kapamingpinan nepi ka taun 2010. Kapala pamaréntahan ka-6 nyaéta Bapa Uhen mangsa kapamingpinan periode taun 2011-2017. Jadi, Désa Jayamukti umurna kurang leuwih geus nepi ka 36 taun.

Sacara géografis Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah aya di wilayah pakidulan (selatan) Kabupatén Tasikmalaya. Jarak ti Ibu Kota Kabupatén Tasikmalaya ka Désa Jayamukti kurang leuwih 80 Km. Lega wilayah 1.440 ha. Sacara administrasi wates wilayah Désa Jayamukti saluyu jeung peraturan désa no

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGGAH KABUPATÉN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

03 taun 2003 ngeunaan *penetapan batas désa yang berbentuk satu buah pilar*, nyaéta: belah kalér Désa Cikawung Kacamatan Pancatengah, belah kidul Désa Pancawangi Kacamatan Pancatengah, belah wétan Désa Sindangsari Kacamatan Cimerak Kabupatén Ciamis, jeung belah kulon Désa Tonjong Kacamatan Pancatengah.

Sacara administratif wilayah Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmlaya kabagi jadi 6 Kapunduhan, 7 Rukun Warga (RW), jeung 21 Rukun Tetangga (RT) kalawan jumlah jalma nu aya di Désa Jayamukti aya 4.609 urang. Sacara rinci bisa katitén dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.2
Jumlah penduduk Désa Jayamukti

No.	Nama Dusun	Jumlah RW	Jumlah RT	Jumlah Penduduk
1.	Sindangjaya	1	3	942 urang
2.	Paseh	2	6	1.089 urang
3.	Tonjong	1	2	512 urang
4.	Leuwihalang	1	5	921 urang
5.	Cibengang	1	3	673 urang
6.	Cipancur	1	2	472 urang
Jumlah				4.609 urang

(Arsip Désa taun 2012)

Tabél 3.3
Jumlah penduduk Désa Jayamukti dumasar kelompok umur

No.	Umur	Lalaki	Awéwé	Jumlah (L+P)
1.	0-6	314	278	592 urang
2.	7-12	293	258	551 urang
3.	13-15	137	132	269 urang
4.	16-18	145	126	271 urang
5.	19-24	192	227	419 urang
6.	25-29	161	190	351 urang
7.	30-34	168	195	363 urang
8.	35-39	197	189	386 urang
9.	40-44	168	159	327 urang
10.	45-49	127	157	284 urang

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGGAH KABUPATÉN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

11.	50-54	148	123	271 urang
12.	55-59	81	81	162 urang
13.	60-64	62	59	121 urang
14.	65 >	116	126	242 urang
Jumlah		2.309	2.300	4.609 urang

(Arsip Désa taun 2012)

Tabél 3.4

Jumlah penduduk dumasar tingkat atikan

No.	Tingkat Atikan	Jumlah Penduduk
1.	Can Sakola	585 urang
2.	TK	550 urang
3.	SD/MI/Satata	2.419 urang
4.	SMP/MTs/Satata	604 urang
5.	SMA/MA/SMK/Satata	419 urang
6.	D3/Satata	6 urang
7.	S1	24 urang
8.	S2	2 urang
Jumlah		4.609 urang

(Arsip Désa taun 2012)

Masyarakat Désa Jayamukti miboga pakasaban anu béda-béda diantaranya: patani (2.146 urang), buruh tani (676 urang), buruh swasta/karyawan (204 urang), PNS (14 urang), pensiunan abri jeung sipil (4 urang), pengrajin (2 urang), pedagang/usaha leutik (334 urang), supir (18 urang), *tukang kayu* jeung *tukang témbok* (57 urang), jeung *tukang ngaput* (67 urang).

3.3 Instrumén jeung Téhnik Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pakakas pikeun ngumpulkeun data lapangan (Sukardi, 2013, kc. 121). Dina enas-enasna, instrumén panalungtikan téh nyaéta sagala hal anu digunakeun pikeun nyangking data-data panalungtikan sangkan hasil data bisa dijadikeun bukti panalungtikan.

Dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén atawa pakakas panalungtikan nyaéta jalma anu nalungtikna éta sorangan (Sugiyono, 2011, kc.

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

222). Sedengkeun Nasution nétélakeun yén instrumén dina panalungtikan kualitatif nyaéta:

“dalam penelitian kualitatif, tidak ada pilihan lain daripada menjadikan manusia sebagai instrumen penelitian utama. Alasannya ialah bahwa, segala sesuatu belum mempunyai bentuk yang pasti. Masalah, fokus penelitian, prosedur penelitian, hipotesis yang digunakan, bahkan hasil yang diharapkan, itu semuanya tidak dapat ditentukan secara pasti dan jelas sebelumnya. Segala sesuatu masih perlu dikembangkan sepanjang penelitian itu. Dalam keadaan yang serba tidak pasti dan tidak jelas itu, tidak ada pilihan lain dan hanya peneliti itu sendiri sebagai alat satu-satunya yang sapat mencapainya” (dina Sugiyono, 2011, kc. 223).

Sangkan leuwih gampang maluruh data nu dibutuhkeun pikeun nyusun laporan panalungtikan, dina ieu panalungtikan ngagunakeun intrumén pangrojong saperti nu ditataan ieu di handap.

1) **Kaméra Handphone**

Kaméra digital nyaéta salah sahiji pakakas dokuméntasi nu bisa ngahasilkeun poto atawa gambar (*visual*) jeung vidio (*audio visual*). Ieu pakakas digunakeun ku panalungtik salian ti pikeun nyangking data panalungtikan, ogé hasilna bisa dijadikeun bukti panalungtikan boh dina nalika lumangsungna kagiatan *motong munggel* boh nalika wawancara.

2) **Handphone**

Handphone nyaéta salah sahiji pakakas anu digunakeun ku panalungtik nalika ngalakukeun wawancara (sadap rékam) ka informan atawa narasumber anu apal kana tradisi *motong munggel*. Hasil tina sadap rékam bisa dijadikeun salah sahiji bukti bukti pikeun panalungtik dina ngadéskripsikeun hasil panalungtikan dumasar kana data (*informasi*) anu nyata.

3) **Pedoman Wawancara**

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nungtun panalungtik dina prosés wawancara sangkan bisa museur kana pertanyaan-pertanyaan nu penting pikeun

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyangking data. Ku ayana padoman wawancara, prosés wawancara bisa leuwih efektif utamana dina soal waktu. Padoman wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa katitén tina ieu tabél di handap.

Tabél 3.5
Padoman Wawancara

Rumusan	Padoman Wawancara dina Wangun Pernyataan
Asal-muasal	1. Sajarah ayana tradisi <i>motong munggel</i>
	2. Saha nu sok mingpin tradisi <i>motong munggel</i>
	3. Waktu mimiti dilaksanakeunana tradisi <i>motong munggel</i>
	4. Tujuan dilaksanakeunana tradisi <i>motong munggel</i>
	5. Fungsi tradisi <i>motong munggel</i>
Prak-prakan	6. Runtuyan prak-prakan tradisi <i>motong munggel</i>
	7. Du'a atawa mantra dina tradisi <i>motong munggel</i>
	8. Saha waé nu kudu diubaran
	9. Panyakit naon waé anu bisa diubaran
	10. Hal nu ulah dirempak dina tradisi <i>motong munggel</i>
	11. sabaraha % nu cageur sanggeus diupacara <i>motong munggel</i> -keun
Pakakas jeung kadaharan	12. Pakakas nu digunakeun dina tradisi <i>motong munggel</i>
	13. Kadaharan nu aya dina tradisi <i>motong munggel</i>
	14. Fungsi pakakas jeung kadaharan nu digunakeun dina tradisi <i>motong munggel</i>
Unsur sémiotik	15. Ikon, indéks jeung simbol dina tradisi <i>motong munggel</i>

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngeunaan ntardisi *motong munggel* nyaéta téhnik observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Observasi

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nasution (dina Sugiyno, 2011, kc. 226) nétélakeun yén observasi nyaéta dasar tina sakabéh élmu. Para ahli (*ilmuan*) bisa digawé dumasar kana data, nyaéta fakta ngeunaan dunya jeung kanyataanana anu kapanggih ngaliwatan observasi. Sedengkeun numutkeun Purwanto (dina Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 93-94) nétélakeun yén observasi nyaéta métode atawa cara-cara nganalisis jeung ngalakukeun *pencatatan* sacara sistematis ngeunaan laku lampah ku cara niténan atawa nalungtik hiji individu atawa kelompok sacara langsung.

Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 99) ngabédakeun observasi jadi opat, nyaéta *observasi terbuka*, *observasi terfokus*, *observasi terstruktur*, jeung *observasi sistematis*.

a) *Observasi Terbuka*

Observasi terbuka bisa dimimitian ku pikiran anu kosong, jadi panalungtik kudu bisa nga-*improvisasi* dina ngarékam “*tonggak-tonggak penting*”kaayaan nu kapanggih di lingkungan masarakat sosial.

b) *Observasi Terfokus*

Observasi terfokus mangrupa salah sahiji jenis observasi anu sacara spesifik miboga rujukan kana rumusan masalah jeung téma panalungtikan. Salah sahiji puseur observasina nyaéta diménsi-diménsi tina proses sosial kaagamaan, budaya, tradisi, atawa fenoména sosial séjénna.

c) *Observasi Terstruktur*

Ieu observasi bisa katitén tina ayana *tindakan* ngaréam data cara terstruktur jeung rinci. Misalna, panalungtik ngalakukeun observasi ka masarakat saloba-lobana kalayan ngagunakeun padoman observasi anu tangtu.

d) *Observasi Sistematis*

Observasi sistematis dilaksanakeun sacara leuwih sistematis. Panalungtik ngakatégorikeun kamungkinan tina wangun atawa jenis data observasi sacata terstruktur.

2) Téhnik Wawancara

Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 127) nétélakeun yén wawancara nyaéta paguneman anu dilakukeun ku dua pihak, nyaéta nu ngawawancara (*interviewer*) minangka jalma nu méré patalékan jeung nu diwawancara (*interviewee*) minangka jalma nu méré jawaban, sarta miboga maksud jeung tujuan annu tangtu.

Estenberg (dina Sugiyono, 2011, kc. 233) ngébréhkeun sababaraha jenis wawancara, nyaéta *wawancara terstruktur*, *semiterstruktur*, jeung *tidak terstruktur*.

a) *Wawancara Terstruktur (Structured interview)*

Wawancara terstruktur digunakeun minangka téhnik ngumpulkeun data, nalika panalungtik atawa *pengumpul data* geus maluruh data atawa informasi anu rék dibeunangkeun. Ku lantaran kitu dina ieu téhnik panalungtik geus nataharkeun instrumén panalungtikan mangrupa patalékan-patalékan anu ditulis sarta alternati jawabanana ogé geus ditataharkeun ti anggalna.

b) *Wawancara semistruktur (semistruktur interview)*

Ieu jenis wawancara geus kaasup kana katégori *in-dept interview*, dimana dina ngalaksankeun panalungtikan sipatna leuwih bébas dibandingkeun jeung wawancara terstruktur.

c) *Wawancara tida terstruktur (unstructured interview)*

Wawancara tidak terstruktur nyaéta wawancara anu bébas, din harti panalungtik henteu ngagunakeun padoman wawancara anu disusun sacara sistematis jeung lengkep pikeun ngumpulkeun data nu dibutuhkeun.

3) Téhnik Dokuméntasi

Dokumén mangrupa catetan hiji kajadian anu geus kaliwat. Dokumén bisa mangrupa tulisan, gambar atawa karya-karya monuméntal ti hiji jalma. Dokumén dina wangun lisan kayaning catétan poéan, sajarah kahirupan (*life histories*), ceriteria, biografi, *peraturan*, jeung kawijakan. Dokumén dina wangun gambar kayaning, foto, animasi, skétsa jeung sajabana. Dokumén dina wangun karya kayaning karya seni anu mangrupa gambar, patung, film, jeung sajabana (Sugiyono, 2011, kc. 240).

Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 158) nétélakeun yén studi dokuméntasi mangrupa salah sahiji cara dina ngumpulkeun data anu hasilna mangrupa catetan-catetan penting patalina jeung masalah anu ditalungtik. Ieu téhnik bakal meunangkeun data anu lengkep jeung miboga sipat anu sah atawa henteu dumasar kana hasil ngira-ngira.

3.4 Analisis Data

Bogdan (dina Sugiyono, 2011, kc. 244) nétélakeun yén analisis data nyaéta prosés maluruh jeung ngaruntuykeun (*menyusun*) data sacara sistematis anu kapanggih tina hasil wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjénna, nepi ka bisa dicangking ku panalungtik jeung bisa diinformasikeun ka nu séjén. Sedengkeun Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 91) nétélakeun yén analisis data mangrupa prosés *mengorganisasikan* atawa ngaruntuykeun data kana hiji pola, katégori, jeung hiji uraian dasar pikeun meunangkeun téma jeung ngarumuskeun hipotésis saluyu jeung nu disarankeun ku data.

Aya sababaraha tahapan anu bisa dilakukeun sanggeus data kakumpul, nyaéta tahap mimiti ngolah data ku cara ngawilah-wilah mana data anu saluyu jeung tujuan panalungtikan jeung mana anu henteu saluyu. Tahap ka-dua, sanggeus data kakumpul tuluy didéskripsikeun saluyu jeung tujuan panalungtikan. Ka-tilu, sanggeus data didéskripsikeun tuluy dianalisis dumasar kana unsur sémiotik Pierce nu ngawengku ikon, indeks, jeung simbol. Hasil déskripsi data nu geus dianalisis téh dijieun artikel pikeun salah sahiji alternatif bahan ajar dina pangajaran maca artikel di kelas XII SMA. Pamungkas, nyieun

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kacindekan ngeunaan ulikan struktural jeung sémiotik dina tradisi *motong munggel* di Désa Jayamukti Kacamatan Pancatengah Kabupatén Tasikmalaya.

Dina nganalisis datana, panalungtik baris ngagunakeun métode déskriptif kualitatif pikeun ngajelaskeun atawa ngagambarkeun hasil panalungtikan sangkan luyu jeung tujuan. Carana milih hasil wawancara jeung obsérvasi sacara sistematis.

1) Instrumén Analisis Unsur-unsur

Tabél 3.6
Kartu Data Analisis Unsur-unsur

ASAL-MUASAL
<p>1. Sajarah ayana tradisi <i>motong munggel</i>. Déskripsi: Tradisi <i>motong munggel</i> mimiti dibawa ka Kampung Sindangjaya Désa Jayamukti ku Ibu Ikoh ti désa tatanggana nyaéta.....</p>
<p>2. Saha nu sok mingpin tradisi <i>motong munggel</i>. Déskripsi: Tradisi <i>motong munggel</i> dipingpin ku Ibu Ikoh salaku sesepuh dina ieu tradisi.....</p>
<p>3. Waktu mimiti dilaksanakeunanan tradisi <i>motong munggel</i> Déskripsi: Ieu tradisi mimiti dilaksanakeun nalika putrana Ibu Ikoh (Eem) katarajang panyakit katurunan.....</p>
<p>4. Tujuan dilaksanakeunana tradisi <i>motong munggel</i>. Déskripsi: Tujuan dilaksanakeunana ieu tradisi nyaéta pikeun ngubarana panyakit katurunan anu tumiba ka.....</p>
<p>5. Fungsi tradisi <i>motong munggel</i>. Déskripsi: Tradisi <i>motong munggel</i> minangka ébréhan rasa sukur ka pangéran jeung mundut pitulung sangkan dicageurkeun.....</p>

PRAK-PRAKAN
<p>1. Runtuyan prak-prakan tradisi <i>motong munggel</i>.</p>

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGGAH KABUPATÉN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Déskripsi: Prak-prakan tradisi *motong munggel* ngawengku (1) prak-prakan saméméh, (2) prak-prakan.....

2. Du'a atawa mantra dina tradisi *motong munggel*.

Déskripsi: Dina tradisi *motong munggel* nu disebut ngadu'ana nyaéta ku tawasulan jeung du'a panutup.....

3. Saha waé nu kudu diubaran.

Déskripsi: Anu bisa diubaran ngaliwatan tradisi *motong munggel* nyaéta saha wa jalmana anu miboga panyakit.....

4. Panyakit naon waé nu kudu diubaran.

Déskripsi: Panyakit anu biasa diubaran ngaliwatan *motong munggel* nyaéta panyakit.....

5. Hal nu ulah dirempak dina tradisi *motong munggel*.

Déskripsi: Aya hal anu teu meunang dirempak dina nalika ngalaksanakeun tradisi *motong munggel* nyaéta.....

6. Sabaraha % nu cageur sanggeus diupacara *motong munggel*-keun.

Déskripsi: Timimiti aya tradisi *motong munggel* di Kampung Sindangjaya Désa Jayamukti geus aya.....

PAKAKAS JEUNG KADAHARAN

1. Pakakas nu digunakeun dina tradisi *motong munggel*.

Déskripsi: Aya sababaraha pakakas anu sok dipaké dina tradisi *motong munggel* diantarana.....

2. Kadaharan nu aya dina tradisi *motong munggel*.

Déskripsi: Aya sababaraha kadaharan anu biasa kapanggih dina tradisi *motong munggel*, nyaéta.....

3. Fungsi pakakas jeung kadaharan nu digunakeun dina tradisi *motong munggel*.

Déskripsi: Pakakas jeung kadaharan anu digunakeun dina tradisi *motong munggel* miboga fungsi anu béda-béda, contona saperti.....

SÉMOTIK

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1. Ikon dina tradisi <i>motong munggel</i> . Déskripsi: Aya sababaraha ikon anu kapanggih dina tradisi <i>motong munggel</i> , di antarana nyaéta Sesepeuh.....
2. Indéks dina tadisi <i>motong munggel</i> Déskripsi: Aya sababaraha indéks anu kapanggih dina tradisi <i>motong munggel</i> , di antarana nyaéta tradisi.....
3. Simbol dina tradisi <i>motong munggel</i> . Déskripsi: Aya sababaraha Simbol anu kapanggih dina tradisi <i>motong munggel</i> , di antarana nyaéta béas beureum.....

Tabél 3.7

Kritéria Bahan Ajar

NO	Kriteria Milih Bahan Ajar	Luyu	Teu luyu
1.	Tujuan nu hayang dihontal	✓	
2.	Dianggap mibanda ajén-inajén pikeun kahirupan manusa	✓	
3.	Dianggap mibanda ajén-inajén minangka warisan entragan saméméhna	✓	
4.	Aya mangpaatna pikeun ngawasa hiji paélmuan	✓	
5.	Saluyu jeung kabutuhan katut minat siswa	✓	

Tabél 3.8

Mu'min Ishak Ramdhani, 2017

TRADISI MOTONG MUNGSEL DI DÉSA JAYAMUKTI KACAMATAN PANCATENGAH KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI KELAS XII SMA (ULIKAN SÉMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kartu Data Nyusun Bahan Ajar

NYUSUN BAHAN AJAR**Judul : Tradisi *Motong Munggel*****1. Eusi:**

- a. Sajarah Tradisi *Motong Munggel*
- b. Gambaran Umum Tradisi *Motong Munggel*
- c. Prak-Prakan Tradisi *Motong Munggel*
- d. Tanda-Tanda Budaya Nu Aya Dina Tradisi *Motong Munggel*

2. Pakakas Pamahaman Anu Dipaké

Gambar Anu Bisa Ngailustrasikeun Tradisi *Motong Munggel*.

Contona:

**3. Bahan Évaluasi**

- a. Soal Pilihan Ganda
- b. Soal Ésséy